

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, alur panalungtikan, sarta analisis data.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis anu sifatna naturalis jeung faktual pikeun méré gambaran sacara sistématis jeung akurat ngeunaan faktor-faktor tur sifat-sifat tinangtu anu nyangkaruk dina objék panalungtikan. Panalungtik milih pamarekan kualitatif sangkan nyangking data anu leuwih jero. Nurutkeun Semi (2021, kc. 34) panalungtikan kualitatif patali jeung cara anu sipatna masualkeun. Ku kituna, panalungtikan kualitatif moal bisa dikuantitatifkeun. Hasil tina panalungtikan kualitatif moal bisa mérékeun jawaban anu anu éksak. ku lantaran kitu, jawaban tina panalungtikan kualitatif mangrupa jawaban anu perlu dipasualkeun.

Objék atawa data anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih asuh barudak Album *Jasa Guru* sanggian Ubun Kubarsah jeung Gun Gunawi anu ngalibatkeun panalungtik salaku partisipan langsung dina niténan éta lagu. Anapon téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis jeung wawancara ka panyanggi lagu salaku informan utama dina ieu panalungtikan.


Téhnik analisis data anu digunakeun nyaéta téhnik reduksi data, penyajian data, nyangking kacindekan atawa verifikasi. Saluyu jeung anu dipedar, dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métode kualitatif minangka cara ilmiah pikeun nyangking data. Ku sabab sifatna natural tur dilaksanakeun dina kondisi alamiah saluyu jeung fakta (faktual) ogé kaayaan anu sabenerna ti informan utama.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa gambaran tina langkah-langkah pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, baris ngalaksanakeun sawatara kagiatan, di antarana: (1) Tatahar, (2) Ngumpulkeun data, (3) Analisis

jeung déskripsi data, (4) Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data, (5) Nyusun laporan.

Rarancang panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Rarancang Panalungtikan

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, studi dokuméntasi.

#### 3.2.1.1 Studi Pustaka

Studi Pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara nyalusur buku, literatur, catetan sarta sagala laporan anu aya patalina jeung pasualan nu rék diguar. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta:

- (1) maca sakabéh référénsi saperti buku, jurnal, artikel, jeung karya tulis nu patali jeung kajian sastra lagu ogé unsur-unsur éksprésif;
- (2) nangtukeun sumber data nyaéta rumpaka kawih asuh barudak dina Album *Jasa Guru* sanggian Gun Gunawi jeung Ubun Kubarsah;
- (3) maca sacara gembleng sumber data anu jadi bahan panalungtikan;
- (4) nganalisis rumpaka kawih dipatalikeun jeung sastra lagu; jeung
- (5) ngawawancara narasumber ngeunaan sumber data.

#### 3.2.1.2 Observasi

Observasi mangrupa kagiatan pikeun nyatet gejala atawa kajadian ngagunakeun alat atawa instrumen, pikeun tujuan ilmiah atawa tujuan sejénna. Ku kituna, *observer* ngagunakeun sakabéh pancaindra pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan interaksi langsung jeung jalma anu diténan.

Satuluyna kagiatan observasi diwewegan ku kagiatan wawancara. Bédana observasi jeung wawancara, nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 203), bédana obsérvasi jeung wawancara atawa kuisisionér téh tina kaciri tina cara komunikasina. Ku kituna, prinsip observasi béda jeung prinsip umum néangan informasi ngaliwatan métode wawacara jeung kuisisioner, upama wawacara jeung kuosisioner mah pasti komunikasi langsung jeung jalma anu dituju, sedengkeun observasi mah henteu kawatesan ku jalma.

#### 3.2.1.3 Wawancara

Wawancara mangrupa téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan tanya jawab lisan jeung paguneman sapopoé. Wawancara nyaéta prosés interaksi antara anu

Siti Hapsya Humaira, 2023

*Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngawawancara jeung sumber informasi atawa jalma anu diwawancarana, ngaliwatan komunikasi sacara langsung atawa nalék sacara langsung ngeunaan hiji objek anu ditalungtik (Yusuf, 2016, kc. 372).

#### **3.2.1.4 Studi Dokuméntasi**

Studi dokumentasi mangrupa métode ngumpulkeun informasi sacara tinulis atawa dokumen nu asalna ti informan. Dokuméntasi mangrupa salasahiji cara anu digunakeun pikeun nyangking data jeung informasi dina bentuk buku, arsip, dokumen, tulisan angka jeung gambar anu mangrupa laporan sarta katerangan anu bisa ngarojong panalungtikan (Sugiyono, 2013, kc. 476).

#### **3.4.2 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis struktural, prosés kréatif tur unsur kréatif. Data anu geus dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy diolah ku cara niténan deui data anu geus kakumpul (mariksa validitas data, kalengkepan data, jsb.), jeung Tabulasi (nyieun papasingan data dumasar gundukanana jeung nyaluyukeun data kana téhnik nu rék dipaké).

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén Panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data, padoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra. Kartu data struktural rumpaka kawih, kartu data analisis struktural rumpaka kawih, kartu data hasil observasi unsur éksprésif panyanggi, digunakeun sangkan panalungtik leuwih babari dina ngumpulkeun jeung ngolah data anu dicangking. Padoman wawancara eusina mangrupa runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber patali jeung bahan anu dibutuhkeun pikeun panalungtikan.

#### **3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data**

Dina ngumpulkeun sakabéh bahan anu diperlukeun dina ieu panalungtikan, instrumen panalungtikan bisa mantuan panalungtik sangkan leuwih babari dina ngumpulkeun data, boh ti narasumber, boh tina hasil observasi atawa niténan

langsung. Instrumén pikeun ngumpulkeun data anu digunakeun nyaéta kartu data, format tabel observasi, padoman wawancara, alat rekam jeung kamera.

### 3.3.1.1 Kartu Data (Ngumpulkeun)

Kartu data nyaéta salah sahiji instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngokolakeun data anu geus kakumpul tuluy dianalisis. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun kartu data stuktur jeung kartu data unsur éksprésif. Kartu data struktur digunakeun sangkan panalungtik leuwih babari dina nganalisis data anu patali jeung struktur lahir tur batin dumasar pamarekan I.A. Richard jeung Alton C Morris. Anapon kartu data unsur éksprésif digunakeun sangkan panalungtik leuwih babari dina nganalisis data anu patali jeung unsur éksprésifna tuluy dipatalikeun kana prosés kréatifna.

#### 1) Format Tabél Struktur Lahir

Tabél 3.1 Diksi dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd) | Diksi | Cutatan |
|-----|-------------------------|-------|---------|
|     |                         |       |         |

Tabél 3.2 Imaji dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd/pdl) | Imaji | Cutatan |
|-----|-----------------------------|-------|---------|
|     |                             |       |         |

Tabél 3.3 Kecap Kongkrit dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd/pdl) | Kecap Kongkrit | Cutatan |
|-----|-----------------------------|----------------|---------|
|     |                             |                |         |

Tabél 3.4 Gaya Basa dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak

Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd) | Gaya Basa | Cutatan |
|-----|-------------------------|-----------|---------|
|     |                         |           |         |

Tabél 3.5 Purwakanti dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd/pdl) | Ritme/Purwakanti | Cutatan |
|-----|-----------------------------|------------------|---------|
|     |                             |                  |         |

## 2) Format Tabél Struktur Batin

Tabél 3.6 Téma dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd) | Téma | Déskripsi |
|-----|-------------------------|------|-----------|
|     |                         |      |           |

Tabél 3.7 Nada dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK) | Nada | Cutatan |
|-----|----------------------|------|---------|
|     |                      |      |         |

Tabél 3.8 Rasa dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK/Pd) | Rasa | Cutatan | Déskripsi |
|-----|-------------------------|------|---------|-----------|
|     |                         |      |         |           |

Tabél 3.9 Amanat dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| No. | Kode Data<br>(J/NUK) | Amanat |
|-----|----------------------|--------|
|     |                      |        |

Katerangan kode data:

- (1) J: judul
- (2) NUK: nomer urut kawih
- (3) Pd: pada
- (4) Pdl: padalisan

### 3.3.1.2 Tabél Observasi

Tabél 3.10 Format Tabél Observasi Unsur Éksprésif Panyanggi

| No  | Rumusan masalah | Hasil observasi | Keterangan |   |
|-----|-----------------|-----------------|------------|---|
|     |                 |                 | O          | T |
| 1.  | Kontémplasi     |                 |            |   |
| 2.  | Spontanitas     |                 |            |   |
| 3.  | Intuisi         |                 |            |   |
| 4.  | Pangalaman      |                 |            |   |
| 5.  | Intelegensi     |                 |            |   |
| 6.  | Integrasi       |                 |            |   |
| 7.  | Kapribadian     |                 |            |   |
| 8.  | Émosi           |                 |            |   |
| 9.  | Konsép seni     |                 |            |   |
| 10. | Kakuatan batin  |                 |            |   |
| 11. | Imajinasi       |                 |            |   |
| 12. | Rasa            |                 |            |   |

### 3.3.1.3 Padoman Wawancara

Lian ti éta ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téknik wawancara. Ieu di handap mangrupa padoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.11 Padoman Wawancara

| No. | Jejer Patalekan              | Poko-poko Patalekan                                                                                                                                       |
|-----|------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1.  | Galuring Hirup panyanggi     | 1. Tempat, ping gumelar.<br>2. Pangalaman nu mangaruhan kana karya sastra kawih.<br>3. Pangalaman dina widang atikan<br>4. Pangajén nu kungsi dicangking. |
| 2.  | Kalungguhan sosial panyanggi | 1. Kalungguhan nu pernah dicangking salila nyieun rumpaka kawih asuh barudak album <i>Jasa Guru</i> .<br>2. Pangaruh kalungguhan kana karya sastra.       |
| 3.  | Pangalaman nulis             | 1. Sajarah pangalaman dina nulis<br>2. Karya sastra munggaran                                                                                             |

Siti Hapsya Humaira, 2023

*Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

|    |                                                           |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                              |
|----|-----------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                                                           | 3. Judul karya sastra munggaran<br>4. Jumlah karangan anu ditulis.<br>5. Kamandang ngeunaan panyanggi kawih di jaman kiwari.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |
| 4. | Unsur-Unsur ékspresif anu mangaruhan karya Ubun Kubarsah. | 1. Sejarah mimiti-na rumpaka kawih asuh barudak Album <i>Jasa Guru</i> Disanggi.<br>2. Kasang tukang atawa gagasan dina nyieun rumpaka kawih asuh barudak Album <i>Jasa Guru</i> .<br>3. Sajarah resep dina nyanggi kawih, hususna kawih asuh barudak.<br>4. Pangalaman di sakola.<br>5. Pangalaman diskusi.<br>6. Pangalaman jadi pangjejer.<br>7. Rasa kana pangalaman nu dicaritakeun.<br>8. Cara panyanggi dina nepikeun pangalaman.<br>9. Imajinasi anu digunakeun dina rumpaka Kawih Asuh Barudak Album <i>Jasa Guru</i> .<br>10. Alesan panyanggi dina milih téma nu aya dina rumpaka Kawih Asuh Album <i>Jasa Guru</i> .<br>11. Kamandang panyanggi kana kawih asuh barudak Album <i>Jasa Guru</i> . |
| 5. | Prosés kréatif dina nyieun                                | 1. Cara ngatur waktu dina                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |

|    |                                                                 |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                      |
|----|-----------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    | rumpaka kawih asuh<br>barudak album <i>Jasa Guru</i>            | <p>kahirupan sapopoé.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>2. Kabiasaan naon nu dilakukeun saacan nulis</li> <li>3. Naon nu matak ngajadikeun panyanggi ahirna miboga implengan dina nulis kawih asuh barudak.</li> <li>4. Sabaraha lila panyanggi nulis lagu kawih asuh barudak album <i>Jasa Guru</i></li> <li>5. Kumaha cara panyanggi dina ngaéksprésikeun rasa dina kawih asuh barudak.</li> <li>6. Kumaha cara panyanggi ngakomunikasikeun pesen nu aya dina kawih asuh barudak ka jalma réa.</li> </ol> |
| 6. | Pamadegan Ubun Kubarsah kana dunya sastra kiwari, hususna kawih | <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Rarancang nulis karya sastra kahareupna</li> <li>2. Kamandang kana kahirupan karya sastra Sunda</li> <li>3. Harepan kana dunya sastra Sunda</li> <li>4. Harapan ka panyanggi ngora kiwari.</li> </ol>                                                                                                                                                                                                                                                                      |

Tabél 3.12 Idéntitas Informan

| <b>Idéntitas informan</b>                                                              |
|----------------------------------------------------------------------------------------|
| Wasta:<br>Yuswa/tanggal lahir:<br>Atikan:<br>Pancakaki:<br>Widang kaahlian:<br>Alamat: |

Tabél 3.13 Kartu Data Unsur Éksprésif Panyanggi

| <b>KARTU DATA</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                            |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Cutatan unsur-unsur éksprésif pangarang dina kawih asuh barudak album <i>Jasa Guru</i> .<br>Analisis: <ol style="list-style-type: none"> <li>(1) kontémplasi,</li> <li>(2) spontanitas,</li> <li>(3) intuisi,</li> <li>(4) pangalaman,</li> <li>(5) intelegensi,</li> <li>(6) integrasi,</li> <li>(7) kapribadian,</li> <li>(8) émosi,</li> <li>(9) konsép seni,</li> <li>(10) kakuatan batin,</li> <li>(11) imajinasi, jeung</li> <li>(12) rasa.</li> </ol> |

### 3.3.2 Instrumen ngolah data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data bisa mantuan panalungtik pikeun leuwih babari dina ngalaksanakeun analisis tina data nu geus kakumpul. Instrumén data anu digunakeun nyaéta kartu data.

Siti Hapsya Humaira, 2023

*Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3.2.1 Kartu Data Ngolah

Tabél 3.14 Kartu Analisis Data Struktur Lahir

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Lahir</b> |
| <b>Diksi</b>                   |
| <b>Judul: Jasa Guru</b>        |
| Analisis                       |

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Lahir</b> |
| <b>Imaji</b>                   |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Lahir</b> |
| <b>Kecap Kongkrit</b>          |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Lahir</b> |
| <b>Gaya Basa</b>               |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Lahir</b> |
| <b>Ritme/Purwakanti</b>        |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

Tabél 3.15 Kartu Analisis Data Struktur Batin

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Batin</b> |
| <b>Téma</b>                    |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

|                                |
|--------------------------------|
| <b>Analisis Struktur Batin</b> |
| <b>Nada</b>                    |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

Siti Hapsya Humaira, 2023

*Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulukan Objéktif jeung Éksprésif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| <b>Analisis Struktur Batin</b> |
|--------------------------------|
| <b>Rasa</b>                    |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

| <b>Analisis Struktur Batin</b> |
|--------------------------------|
| <b>Amanat</b>                  |
| Judul:                         |
| Analisis                       |

### 3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.4.1 Data

Data anu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh informasi tina hasil panaungtikan anu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin puisi tina rumpaka kawih album *Jasa Guru*, hasil wawancara ngeunaan 12 faktor méntal anu mangaruhan pangarang dina lumangsungna nyieun karya anu ngawengku faktor méntal pangarang, nyaéta kontémplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegensi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa, jeung tahap prosés kréatif panyanggi dina nyieun karyana anu ngawengku tahap pamarekan, tahap nimukeun, tahap ngagarap, tahap ngaéksprésikeun, jeung tahap ngakomunikasikeun.

Ieu di handap mangrupa data panalungtikan anu ngawengku 7 (tujuh) judul lagu kawih asuh barudak, nu aya dina album *Jasa Guru*.

Tabél 3.16 Data Rumpaka Kawih Asuh Barudak  
Album *Jasa Guru*

| <b>No.</b> | <b>Judul kawih</b> | <b>Panyanggi</b>             | <b>Rumpaka pangarang</b> | <b>Kodé rumpaka</b> |
|------------|--------------------|------------------------------|--------------------------|---------------------|
| 1.         | Jasa Guru          | Gun Gunawi                   | Eddy D.                  | JG/01               |
| 2.         | Budak Soleh        | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D.                  | BS/02               |
| 3.         | Wajib Belajar      | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D.                  | WB/03               |


|    |                    |                              |         |        |
|----|--------------------|------------------------------|---------|--------|
| 4. | Priangan           | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D. | PRG/04 |
| 5. | Paturay            | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D. | PTR/05 |
| 6. | Pahlawan<br>Bangsa | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D. | PB/06  |
| 7. | Lalu Lintas        | Gun Gunawi-<br>Ubun Kubarsah | Eddy D. | LL/07  |

### 3.4.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih jeung hasil wawancara sarta dideudeulan ku sagala rupa référénsi lianna anu ngarojong ieu panalungtikan, saperti buku-buku, jurnal, artikel jeung panalungtikan saacanna.

#### 3.4.2.1 Album *Jasa Guru*

Sumber data anu utama dina ieu panalungtikan nyaéta album *Jasa Guru* sanggina Gun Gunawi jeung Ubun Kubarsah.



Gambar 3.1 Cover Album Kawih Asuh Barudak *Jasa Guru*

Siti Hapsya Humaira, 2023

*Prosés Kréatif Ubun Kubarsah dina Rumpaka Kawih Asuh Barudak Album Jasa Guru (Ulikan Objéktif jeung Éksprésif)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

|                   |                                             |
|-------------------|---------------------------------------------|
| Judul Album       | : Kawih Asuh Barudak Album <i>Jasa Guru</i> |
| Panyanggi         | : Gun Gunawi                                |
| Pangarang Rumpaka | : Eddy D                                    |
| Juru Kawih        | : Lala Yuliara jeung Nana Suryana           |
| Produksi          | : Dasentra                                  |

### 3.4.2.2 Narasumber

Narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta panyanggi kawih asuh barudak album *Jasa Guru* nu dijadikeun sumber data.



Gambar 3.2 Foto Ubun Kubarsah

**Ubun R. Kubarsah**, Lahir di Bandung, 18 maret 1953. Budayawan anu hirup kumbuh di organisasi Damas (Daya Mahasiswa Sunda) téh kungsi narima anugrah Komponis Indonesia taun 2018, salaku Komponis Pelestari Musik Tradisi Sunda. Dibabarkeun ti kulawarga anu raket jeung kahirupan seni budaya.

Dina taun 1975, Ubun kungsi kalibet panalungtikan ‘riwayat sajarah pembentukan dan perkembangan cianjuran’ jeung H. Kosasih, Dr. Dadang Sulaeman, ogé Enip Sukanda. Hasil tina panalungtikanna téh medal dina buku hasil gawé bareng Yayasan Pancaniti jeung Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat dina taun 2016. Saacan medal jadi buku, hasil

panalungtikanna téh dipublikasi dina wangun diktat, sarta jadi référénsi primer dina panalungtikan Cianjuran salajengna ku kaum akademisi.

Taun 1981, Ubun ngadegkeun tur mingpin grup Daya Seni Tradisi Sunda (Dasentra); mangrupa lembaga seni budaya independent anu aya dina widang kajian tur kamekaran seni Tradisi Sunda. Nepi ka ayeuna, leuwih ti 300 lagu anu geus jieun. Dicutat tina buku (*Perencanaan Gerakan Budaya Lomba Lagu Daerah Karakter Bangsa*)

### **3.5 Prosedur atawa Alur Panalungtikan**

Saméméh ngumpulkeun data pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, aya sababaraha hal anu kudu ditataharkeun nyaéta:

- 1) sumber data anu jadi puseur panalungtikan,
- 2) nangtukeun masalah panalungtikan,
- 3) judul panalungtikan jeung raraga panalungtikan,
- 4) laju kana ngumpulkeun data anu rék dipaluruh.